# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–23 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु एगो प्रमुख समाचार पत्र की ओरि से लखनऊ में आयोजित कार्यक्रम में कहले हवें कि प्रदेस क सकल घरेलू उत्पाद (जीडीपी) मार्च दुइ हजार पचीस ले बत्तीस लाख करोड़ रूपिया रहल, बाकिर उनके सरकार क कोसिस से दुइ हजार तेइस–चउबीस में ई आंकड़ा छब्बीस लाख करोड़ ले पहुंचि चुकल हौ अउर अब बत्तीस करोड़ क लक्ष्य तय कइल गइल हौ।

श्री योगी कहलें कि सरकार अपराधियन अउर माफिया के कतई बरदास्त नाहीं कइले हौ। राज्य में एंटी भूमाफिया टास्क फोर्स गठन कइल गइल हौ, जेहमें चौंसठ हजार एकड़ जमीनि माफियन से मुक्त करावल गइल हौ। मुख्यमंत्री राज्य के इंफ्रास्ट्रक्चर विकास क चरचा करत कहलें कि उत्तर प्रदेस अब देस क सबसे बेसी एक्सप्रेस–वे वाला राज्य बनि गइल हौ।

**********

केन्द्र सरकार आजु भारत ब्रैण्ड चना क दालि के बिकिरी क दुसरका फेरा सुरू कइलस। भारतीय राष्ट्रीय सहकारी उपभोक्ता परिसंघ लिमिटेड–एनसीसीएफ अउर भारतीय राष्ट्रीय कृषि सहकारी विपणन परिसंघ–नेफेड के जरिया से ई बिकिरी कइल जा रहल हौ। उपभोक्ता कार्य खाद्य अउर सार्वजनिक वितरण मंत्री प्रहलाद जोशी बतवलें कि भारत चना दालि केन्द्रीय भण्डारण, मोबाइल वैन, नेफेड अउर ई–कॉमर्स जरिया से सत्तर रूपिया प्रतिकिलो के दर से उपलब्ध होई। एकरे अलावा चना अट्ठावन रूपिया प्रतिकिलो, भारत मूंग दालि एक सौ सात रूपिया प्रतिकिलो अउर मसूरी क दालि नवासी रूपिया प्रतिकिलो मिली।

**********

प्रदेस क नौ विधानसभा सीटि पर होखे वाला उप चुनाव के ले के कई गो पारटियन क ओम्मेदवारन के ओरि से नामांकन क सिलसिला जारी हौ। नामांकन के कड़ी में फूलपुर विधानसभा क उप चुनाव बदे समाजवादी पारटी क ओम्मेदवार मुजतबा सिद्दीकी आजु आपन नामांकन जिला कचहरी में दाखिल कइलें। ओहर, मैनपुर क करहल विधानसभा सीटि पर होखे वाला उप चुनाव में आजु बसपा ओम्मेदवार डॉक्टर अवनीश कुमार शाक्य आपन नामांकन भरलें। करहल विधानसभा सीटि बदे समाजवादी पारटी तेज प्रताप यादव के आपन ओम्मेदवार बनवले हौ। बीजेपी आपन ओम्मेदवार अबहिन कउनहूं विधानसभा बदे घोसित नाहीं कइले हौ।

**********

लोकसभा चुनाव दुइ हजार चउदह के दौरान प्रधानमंत्री पद क ओम्मेदवार अउर बीजेपी नेता नरेन्द्र मोदी पर बोटी–बोटी वाला बेयान दिहले के मामिला में सहारनपुर से कांग्रेस संसद इमरान मसूद के खिलाफ सहारनपुर क एमपी–एमएलए कोर्ट, चार्ज फ्रेम कइले हौ। अपर जिला सासकीय ओकील एडीजीसी गुलाब सिंह बतवलें कि सत्ताइस मार्च दुइ हजार चउदह के लबकरी गांव क एगो जनसभा में इमरान मसूद मौजूदा प्रधानमंत्री पर अभद्र टिप्पणी कइले रहलें, जेकरे बाद इमरान मसूद के खिलाफ मोकदिमा दरज करावल गइल रहे। येह मामिला में बिसेस न्यायाधीस एमपी–एमएलए मोहित शर्मा सांसद इमरान मसूद के खिलाफ चार्ज फ्रेम कइले हौ।

**********

उत्तर प्रदेस नीट यूजी दुइ हजार चौउबीस में स्ट्रे वैकेंसी राउंड क ऑनलाइन काउंसलिंग प्रक्रिया आजु सबेरे एगारह बजे से सुरू हो गइल हौ। कार्यक्रम के हिसाबि से इच्छुक ओम्मेदवार पचीस अक्टूबर के दुपहरिया दुइ बजे ले ऑनलाइन रजिस्ट्रेसन करा के पंजीकरण रासि येही दिन्ने संझा पांच बजे ले जमा कइ सके लें। येह बारे में चिकित्सा सिक्षा अउर प्रसिक्षण महानिदेसालय पचीस अक्टूबर के मेरिट सूची घोसित करी। एकरे बाद ओम्मेदवार पचीसे के संझा से च्वाइस भरि सके लें, जवन कि अट्ठाइस अक्टूबर दुपहरिया दुइ बजे ले चली। सीटि आवंटन क नतीजा ओन्तीस अक्टूबर ले जारी होई।

**********

वक्फ संसोधन बिल के बारे में बनल संयुक्त संसदीय समिति क अध्यक्ष अउर डुमरियागंज लोकसभा सीटि से सांसद जगदम्बिका पाल वक्फ बिल पर हो रहल राजनीति के सही नाहीं बतवले हवें। आजु लखनऊ में उहां के कहलीं कि ई समिति लोकसभा अध्यक्ष के कहले पर बनावल गइल हौ। केन्द्र सरकार येह बिल के पारित कइले के जगहि जेपीसी में रखले हौ। सरकार क मकसद साफ हौ, कानून बनले से पहिले येह पर बिस्तार से चरचा हो सके। सरकार के एतना सकारात्मक रूख के बावजूद कुछु लोगि येह मुद्दा पर राजनीति कइ रहल हवें जवन कि सही नाहीं हौ।

**********

केन्द्रीय मंत्रिमण्डल की ओरि से बनारस के गंगा नदी पर एगो नया आधुनिक ब्रिज सिक्स लेन क सड़क मार्ग अउर चार लाइन क रेलवे ट्रैक के मंजूरी दिहले के बाद आजु रेलवे बोर्ड क सदस्य नवीन गुलाटी कार्य स्थल क मुआइना कइलें। येह मौका पर श्री गुलाटी कहलें कि यातायात क नजरि से ई ब्रिज यातायात व्यवस्था के बेहतर बनावे में सहजोगी होई। प्रधानमंत्री के संसदीय क्षेत्र बनारस में ई देस क पहिला पुल होई जवन रेल अउर सड़कि यातायात क सिक्स लेन से जुड़ल रही।

**********

संचारी रोगन क रोकथाम बदे शहजहांपुर में स्कूल अउर महाविद्यालय में लइकन के जागरूक करे बदे प्रार्थना सभा में ओन्हें संचारी रोगन के बारे में जनकारी दिहल जा रहल हौ। जिलाधिकारी क अध्यक्षता में जिला में चलावल जा रहल विसेस संचारी रोग नियंत्रण अभियान अउर दस्तक अभियान क आजु जिला स्तरीय समीक्षा बइठकी क्लेक्ट्रेट सभागार में भइल। बइठकी में डीएम जिला विद्यालय निरीक्षक अउर बेसिक शिक्षा अधिकारी के निर्देसित कइलें कि स्कूल अउर कॉलेजन में सबेरे होखे वाली प्रार्थना सभा में संचारी रोग बदे लइकन के जागरूक करे क सिलसिला जारी रखल जाव।

**********